

Fich Enfòmasyon Bous Detid Cleveland lan (Cleveland Scholarship Fact Sheet) Ane Lekòl 2024-2025

KISA KI SE PWOGRAM BOUS DETID CLEVELAND OHIO A?

Pwogram Bous Lekòl Cleveland (Cleveland Scholarship Program, CSP) ap founi divès chwa edikatif pou timoun yo nan preskolè jiska douzyèm ane ki ap viv nan limit fwontyè Distri Lekòl Minisipal Cleveland (Cleveland Municipal School District (CMSD)) lan pou ale nan lekòl prive yo. Elèv ki prale aktyèlman nan lekòl prive yo kapab elijib pou aplike pou pwogram lan. [Jwenn plis enfòmasyon](#) sou pwogram Cleveland lan sou sitwèb Depatman an.

KILÈS KI ELIJIB POU APLIKE?

Elèv ki rezide nan limit fwontyè Distri Lekòl Minisipal Cleveland (Cleveland Municipal School District (CMSD)) epi ki pral antre nan preskolè jiska douzyèm ane nan ane lekòl 2024-2025 la ap elijib pou aplike.

KILÈ YO PRAL AKSEPTÉ APLIKASYON POU BOUS DETID CLEVELAND LAN?

Fenèt aplikasyon an ouvri Fevriye 1, 2024, epi pral fèmen Jen 30, 2025. Depatman Edikasyon ak Mendèv Ohio a pral ouvri Aplikasyon Bous Detid Cleveland lan atravè sistèm sekirize baze sou wèb. Manm pèsònèl lekòl prive k ap patisipe yo gen aksè ak sistèm lan epi pral ede paran/gadyen yo aplike pou bous lekòl la pandan y ap antre enfòmasyon nan sistèm anliy lan.

KI VALÈ BOUS DETID (SCHOLARSHIP) LA AP YE?

Montan maksimòm bous lekòl la pou K-8 se aktyèlman \$6,166 epi pou lekòl segondè a se \$8,408. Chak lekòl gen diferan montan frè eskolè. Tou depan de montan frè eskolè lekòl la, bous detid la pral peye jiska montan ki deziyen a. Si frè eskolè a plis pase montan bous lekòl la, paran an kapab responsab pou diferans lan.

KÒMAN PÈMAN PRAL FÈT?

Yo voye chèk yo pa lapòs apati de Depatman Edikasyon ak Mendèv Ohio pou lekòl prive yo pou paran/gadyen yo siyen. Lekòl prive a pral itilize fon pou peye pou frè eskolarite elèv la sèlman.

ÈSKE PARAN/GADYEN YO PRAL GEN DEPANS POU PEYE DE PÒCH PA YO?

Si fanmi an kalifye pou estati fèb revni, (nan oubyen enferyè a 200 pousan Gid Povrete Federal yo) epi elèv ou an nan klas K-8, fanmi an p ap bezwen peye frè eskolarite ki pa kouvri pa frè eskolarite a. Paran/gadyen yo ap responsab pou frè enskripsyon, frè materyèl, ak lòt depans ki gen rapò. Atribisyon bous detid la kapab sèlman itilize pou frè eskolarite lekòl la.

YON FWA ELÈV LA FIN RESEVWA BOUS DETID LA, NAN KONBYEN TAN YO KAPAB KONTINYE ALE NAN LEKÒL PRIVE A?

Yon fwa yon elèv fin resevwa yon Bous Detid Cleveland, yo pral bezwen renouvle chak ane eskolè jiska 12èm ane. Paran/gadyen yo dwe verifye rezidans yo nan Distri Lekòl Minisipal Cleveland epi reponn ak tout lòt egzijans pwogram yo pou rete elijib pou pwogram lan.

E SI PITIT MWEN AN TRANSFERE NAN YON LEKÒL DIFERAN?

Elèv yo kapab transfere nan nenpòt lekòl k ap patisipe nan pwogram Bous Detid Cleveland lan.

KILÈS K AP FOUNI SÈVIS TRANSPÒ?

Tou depan de kote yon fanmi rezide ak ki kote timoun lan pral lekòl la, gen sèvis transpò ki kapab disponib. Paran/gadyen yo dwe kontakte CMSD pou aranjman ak kondisyon elijibilite pou sèvis transpò a.

Depatman Edikasyon ak Mendèv Ohio (Ohio Department of Education and Workforce) pa diskrimine sou baz ras, relijyon, sèks, nasyonalite, laj, andikap, oubyen orijin etnik. Depatman Edikasyon ak Mendèv Ohio a se yon [patwon opòtinite ekitab \(equal opportunity employer\)](#) ak yon founisè [sèvis ADA](#). Avi sou [Non-Diskriminasyon](#) Depatman an ap aplike pou tout pwogram yo ak aktivite yo.

Gade Depatman [Politik Diskriminasyon Enfimite](#) and [Politik Diskriminasyon Pwosedri pou Plent](#). Pou plis enfòmasyon sou avi sou non-diskriminasyon, vizite ocrcas.ed.gov/contact-ocr pou adrès ak nimewo telefòn biwo ki sèvi zòn ou an, oswa rele 1-800-421-3481..